

Pou Piblikasyon Imedya: 04/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BENEFISYÈ YO POU PRI KONSÈVASYON ISTORIK
ETA A POU ANE 2019 LA**

***Gen 12 lokal anplis ki nonmen pou enskripsyon nan Rejis Eta ak Nasyonal pou
Sit Istorik yo***

***Pri ak nominasyon yo prezève istwa Afwo-Ameriken, achitekti Olandè, peryòd
dwa sivil yo ak epòk limyè ak gaz la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen dis pwojè sou prezèvasyon istwa eta a, sòti nan kolonizasyon Olandè a rive nan peryòd dwa sivil yo, ki te resevwa Pri Konsèvasyon Istorik Eta a pou ane 2019 la. Yon douzèn lokal istorik ozalantou eta a te nonmen tou pou enskripsyon nan Rejis Eta ak Nasyonal Sit Istorik yo (State and National Registers of Historic Places) ki ka bay pwopriyetè yo sibvansyon ak kredi taks pou sipò pwojè renovasyon yo.

"New York te transfòme plis pase plizyè syèk an yon eta ki defini pa istwa divès li epi pa gen pi bon fason pou wè istwa sa ke nan achitekti ak sit san parèy nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pri istorik ak nominasyon sa yo pral prezève ak fyète lavi ak istwa anpil rezidan New York alavni."

Se Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ki bay Pri Konsèvasyon Istorik Eta a, ki te lanse nan ane 1980, chak ane pou onore ekselans nan pwoteksyon ak revitalizasyon resous istorik ak kiltirèl yo. Gouvènè a te siyen lejislasyon an tou nan ane 2013 pou ranfòse itilizasyon eta nan kredi taks pou renovasyon yo, ki te pèmèt reyalize plizyè milya dola nan investiman ki te fèt pou pwopriyete komèsyal istorik yo ak dizèn milyon nan kay istorik ke pwopriyetè yo rete.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Konsèvasyon istorik ede ankouraje re-investisman ak revitalizasyon nan vil ak katye nou yo. Pri ane sa yo demontre angajman ekstraòdinè, travay di ak patenarya solid ki rann konsèvasyon sa yon zouti enpòtan pou renovasyon kominote, devlopman ekonomik ak kwasans djòb nan New York".

Pri Konsèvasyon Istorik Eta a nan ane 2019

Benefisyè yo pou Pri Konsèvasyon Istorik Eta a pou ane 2019 sa se:

**TWA Hotel, Ayewopò JFK (Vil New York)
Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik**

TWA Hotel te transfòme ansyen tèminal Trans World Airlines lan, ke achitèk Eero Saarinen, ki se yon achitèk ki gen renome mondyal, te konsevwa nan ane 1962, epi yo te fèmen li nan ane 2001 pou piblik pa itilize li, pou li vin tounen pyès mètrès yon otèl modèn ki gen 512 chanm ki pral prezève konsepsyon mi-syèk li a. Otèl la gen yon espas evènman 50,000 pye kare ak yon teras obsèvasyon ak pisin 10,000 pye kare ak yon espas sante fizik 10,000 pye kare. Kòmansman mwa Me 2019 la, pwojè a te enkòpore tou yon avyon "Starliner" Lockheed Constellation L1649A - yon avyon transpò pasaje apre dezyèm gè mondyal la epi youn nan kat dènnye ki rete nan monn lan- kòm yon ba kòktèl.

Kay Marshall Bice, vilaj Schoharie (Mohawk Valley)
Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik

Inonde pandan siklòn Irene lan, kay ki gen estil italyen 19yèm syèk la te renove pou li vin pi rezistan kont inondasyon. Li te renove tou pou tounen yon espas komèsyal ak apatman gras ak itilizasyon kredi taks pou konsèvasyon istorik la. Yo te mete li nan Rejis Nasyonal la nan ane 2017 apre plizyè ane abandone.

Kay Coeymans Stone, vilaj Coeymans (Rejyon Kapital)
Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik

Manwa bawonyal olandè sa, ki date depi anviwon 1700, te restore ak rekonstwi nan fòm Jòjyen aktyèl li a apre apeprè senk deseni travay presi istorikman. Sa gen ladan chapant tradisyonèl an bwa, chemine san wòch, travay mason sou aranjman brik nan estil flamann ak konsèvasyon mi "tòchi" (wattle and daub) orijinal kay la.

Libertad (ansyen kay piblik Jones Court), Elmira (Southern Tier)
Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik

Konplèks apatman 1953 sa pou moun ki gen revni ba te renove an 91 apatman pou lojman abòdab, ki gen ladan 20 inite ki rezève pou veteran sanzabri. Ansyen kay piblik Jones Court la te nonmen apre John W. Jones, yon ansyen esklav ki te etabli nan Elmira epi te ede lòt yo sove pa mwayen yon chemen de fè klandesten. Pwopriyete devaste sa te vid pandan de deseni.

Innisfree, Millbrook (Hudson Valley)
Ekselans nan dokimantasyon istorik

Innisfree se yon jaden piblik 60 ekta ki gen enpòtans nasyonal, nan konte riral Dutchess la ki reflete vizyon achitèk gwo peyizaj la Lester Collins, ki te fasone pwopriyete a pandan sis deseni anvan lanmò li nan ane 1993. Kòm youn nan pi gwo peyizaj ki gen konsepsyon modèn nan Amerik la, Innisfree reflete yon melanj prensip konsepsyon Japonè, Chinwa, modèn ak ekolojik. Innisfree te kòmanse kòm yon jaden prive Walter ak Marion Beck te devlope nan ane 1930 yo epi te enskri ane sa pou Rejis Nasyonal Sit Istorik yo.

Klèb Mizisyen Kolore (Colored Musicians Club), vil Buffalo (Lwès New York)
Ekselans nan dokimantasyon istorik

Kreye nan ane 1917, Klèb Mizisyen Kolore a te youn nan klèb mizisyen Afwo-Ameriken ki pi ansyen ki te kontinye fonksyone nan peyi a epitou yon biwo pou Buffalo Local 533, yon ansyen sendika mizisyen Afwo-Ameriken. Òganizasyon sa yo te fè pati reyaksyon kont rasis ak segregasyon nan kominote mizikal Buffalo a. Klèb Mizisyen Kolore a se te kay pou pèfòmans atis ki gen renome tankou Duke Ellington, Ella Fitzgerald, Louis Armstrong, Nat "King" Cole, Miles Davis ak Cab Calloway.

Achitekti ankèt sou resous istorik James H. Johnson (Finger Lakes) *Ekselans nan dokimantasyon istorik*

Ankèt sa a dokimante karyè ak bilding achitèk Rochester James H. Johnson, ki te travay nan zòn lan depi 1957 jiska lanmò li nan ane 2016. Li te konsevwa anpil bilding piblik, prive ak relijye patikilye, privilejye fòm fliyid ak kivilineyè epi nan pita te kreye plis varyasyon ki jeyometrik.

Akò pwogramatik avèk Otorite Lojman nan Vil New York (New York City Housing Authority) *Ekselans nan konsiltasyon konsèvasyon istorik ak anviwònmantal*

Otorite Lojman nan Vil New York te kolabore ak Pak Eta yo pou kreye yon pwosesis senplifye pou revizyon Lwa Nasyonal sou Konsèvasyon Istorik. Otorite Lojman an te travay ak plis pase twa douzèn pwojè lojman nan vil la kounye a nan Rejis Eta ak Nasyonal pou Sit Istorik yo.

Vilaj restorasyon ekleraj ak gaz nan Wyoming (Finger Lakes) *Ekselans nan konsiltasyon anviwònmantal pou konsèvasyon istorik*

Ti vilaj Wyoming lan, ki te itilize limyè lari ak gaz natirèl li a depi fen 19yèm syèk la, pral pote tradisyon an nan 21yèm syèk la avèk limyè lari ak gaz modèn. Vilaj la, ki rele souvan "Vilaj Limyè ak Gaz" (Gaslight Village), se youn nan dènye egzanp sivivan nan eta a nan yon epòk kote lari yo te ilimine ak limyè gaz. Se sibvansyon Pak Eta yo ki te finanse pwojè ranplasman an.

Komite Direksyon Sag Harbor Hills, Azurest & Ninevah (Long Island) *Ekselans nan reyalizasyon òganizasyonèl konsèvasyon istorik*

Volontè nan kominote a te travay pandan apepre kat ane pou jwenn enskripsyon pou distri istorik sou-divizyon Sag Harbor Hills, Azurest ak Ninevah nan ane 2019 nan Rejis Nasyonal pou Sit Istorik yo. Zòn lan vle di anpil istorikman kòm yon kominote dete ke pwofesyonèl Afwo-Ameriken ak fanmi yo te kreye. Distri a sitiye nan vilaj enkòpore Sag Harbor, Konte Suffolk.

Rejis Eta ak Nasyonal Sit Istorik ki Nonmen yo

Nominasyon ane sa pou Rejis Eta ak Nasyonal Sit Istorik yo gen ladan:

Kay Sanford W. ak Maude Smith, Chatham (Rejyon Kapital)

Konstwi nan apeprè ane 1875 epi te renove anpil nan ane 1906, kay la se kay Sanford W. Smith ki se te yon Senatè eta, Pwokirè Jeneral Adjwen ak Jij Lakou Reklamasyon Eta a ak Jij Lakou Siprèm Eta a.

Kay Ezra A. Huntington, Auburn (Rejyon Santral)

Ezra A. Huntington, yon prèt enfliyan nan 19yèm syèk la, li te yon lidè prensipal seminè teyoloji Auburn lan. Kay 1861 an li an se yon objè istorik ra seminè a ki se te yon eleman enpòtan nan Auburn pandan plis pase yon syèk.

Faktori Merrell-Soule None Such Mincemeat, Syracuse (Rejyon Santral)

Nan ane 1904, konplèks faktori a se te yon egzanp divèsifikasyon endistriyèl nan Syracuse pandan kòmansman 20yèm syèk la. Yon pwodui popilè ak vyan ache (mincemeat) nan konsè v ki te pwodui nan faktori a jiska 1981.

Kay Daniel ak Minerva DeLand, Fairport (Rejyon Finger Lakes)

Li te konstwi toudabò nan ane 1856 epi te refòme nan ane 1867, kay la se te rezidans famiyal fanmi DeLand ki te posede yon faktori ki te pwodui *aleratus*, bikabonat soud ak levi chimik ki te revolisyone kwison nan kay.

Distri Istorik Accord, Accord (Rejyon Mid-Hudson)

Distri Istorik Accord (Accord Historic District) te devlope ozalantou kanal Delaware ak Hudson, ki te louvri nan ane 1828 kòm youn nan premye kanal ki te fini nan Etazini. Li te sèvi tou kòm yon plak tounant chemen de fè lòske yon liy te louvri nan ane 1902 nan kanal la.

Distri Istorik Broadway, Monticello (Rejyon Mid-Hudson)

Sant komèsyal konte Sullivan nan Sid Catskills, Monticello te pwospere kòm youn zòn konplèks dete pou rezidan New York Jwif yo pandan premye mwatye 20yèm syèk la. Yo te souvan konnen rejyon an kòm Catskills Jwif yo oswa senti Borscht pou pil evantay otèl yo, pansyon ak koloni chalè yo ke rezidan New York Jwif yo te jwi.

Legliz Batis Cornerstone (Ansyen legliz kongregasyon Lewis Avenue), Brooklyn (Vil New York)

Lekòl dominikal ak legliz la te konstwi nan ane 1889 ak 1893 espesyalman nan moman gwo devlopman nan Bedford-Stuyvesant. Legliz Batis Cornerstone te yon karakteristik istorik nan youn nan kominote Afwo-Ameriken ki pi enpòtan nan Brooklyn.

Syèj nasyonal, Mach sou Washington pou Travay ak Libète, 170 W. 130th St. (Vil New York)

Bilding 1884 sa te sèvi kòm syèj planifikasyon pou Mach sou Washington pou Travay ak Libète nan ane 1963, ki te atire apeprè yon ka milyon moun. Mach sou Washington

pou Travay ak Libète nan ane 1963 a se te pi gwo demonstrasyon dwa sivil nan istwa Etazini lè sa te rive.

Simityè North Guilford, North Guilford (Southern Tier)

Simityè 0.40 ekta sa a gen ladan veteran Lagè Revolisyonè yo, senk veteran Lagè Sivil ak yon veteran Lagè 1812 la. Simityè a remake tou pou koleksyon yon douzèn pyè tonbal nan kòmansman 19yèm syèk la ki gen ladan travay atistik eskiltè yo nan Lekòl Crandall la te reyalize.

Lekòl Piblik Buffalo #78 (PS 78), Buffalo (Lwès New York)

Konstwi nan ane 1928, ansyen lekòl elemantè a se te yon egzanp kwasans rapid popilasyon an nan katye Kensington-Bailey nan Buffalo, ki te ogmante sòti nan 18,000 moun nan ane 1920 rive nan 49,000 nan ane 1930.

Moulen Empire Worsted, Jamestown (Lwès New York)

Plizyè santèn moun te travay nan Moulen Empire Worsted pandan fen 19yèm ak 20yèm syèk yo. Moulen an te fèmen nan ane 1955.

Fèm Forsyth-Warren, Cambria (Lwès New York)

Ansyen brasri ak fèm sa a, ki date depi 1808, pami premye resous istorik sivivan nan Lwès New York epi dirèkteman asosye ak efò Holland Land Company pou kolonize konte Niagara nan kòmansman 19yèm syèk la.

Biwo Konsèvasyon Istorik (Historic Preservation Office) Eta New York la se yon divizyon Pak Eta yo ki ede kominote yo idantifye, evalye, prezève epi revitalize resous istorik, akeyolojik ak kiltirèl yo.

Yon fwa ofisye konsèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, pwopriyete yo enskri nan Rejis Eta New York Sit Istorik yo. Pwopriyete yo ansuit nonmen nan Rejis Nasyonal Sit Istorik yo kote yo te revize ak, yon fwa yo apwouve, antre nan Rejis Nasyonal la.

W ap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation).

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèviz plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 74 milyon moun chak ane. Yon etid resan te dekouvri ke Pak Eta New York yo jenere 5 milya dola chak ane nan depans vizitè ak pak yo, ki ap sipòte prèske 54,000 pòs travay ak plis pase 2.8 milya dola nan PIB adisyonèl eta a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite www.parks.ny.gov, konekte avèk nou sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)